



10 Etap Pou Prepare Pou Kolèj



1 CHWAZI CHEMEN KARYÈ W



Ou gen dwa pa konnen egzakteman sa ou vle ye men ou ka gen yon ide sou sa ki enterese ou. Bi a se genyen yon chemen karyè nan tèt ou, ideyalman nan dezyèm ane lekòl segondè ou, oubyen anvan. Pou w ka konnen sa ou vle ye, kòmanse fè gwo rèv, suiv pasyon ou e sa ki pi enpòtan an, kwè nan tèt ou. Ou ka toujou chanje lide w, men li enpòtan pou w kòmanse yon kote.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m chèche konnen ki kote pou m kòmanse eksplòre opsyon pou karyè m.
2. Mwen gen yon bon ide sou sa m vle ye, men m bezwen èd pou m planifye chemen karyè mwen.
3. **Mwen fini! Mwen vle vin yon _____**

Konsèy: Byen defini enterè w e chèche domèn etid nan kolèj ki sipòte yo. Panse a moun ki te enspire ou konsènan sijè ou pi renmen nan lekòl, pou ede w eksplòre opsyon pou karyè ou.

2 ETABLI YON EKIP POU SIPÒTE W



Antoure ou ak moun ki ka ede w antre nan kolèj, ansanm ak moun ki ka ede w sou chemen karyè ou.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m konnen moun ki ka ban m sipò pou m antre nan kolèj.
2. Mwen gen yon bon ide sou ki moun ki ka fè pati ekip mwen an, men mwen bezwen èd pou pale avèk yo pou mande yo sipòte m.
3. **Mwen fini! Mwen gen ekip sipò mwen e m pare pou pwochen etap la.**

Konsèy: Pale avèk pwofesè ou, gid, konsiltan, konseye lekòl, antrenè, patwon ak lidè jèn oubyen lidè legliz ou sou sa w vle ye e mande yo kijan yo ka sipòte ou pou w atenn bi ou.

3 FÈ LIS KOLÈJ OU



Gen diferan kalite kolèj. Idantifye opsyon ou, nan gade ki diplòm li ofri, si li lokalize nan yon vil oubyen yon zòn rural, konbyen li ka koute, distans li ak lakay ou, eksetera. Kreye yon lis ki gen dis meyè opsyon kolèj ou, ki gen ladan piblikasyon ak atik yo mande pou admisyon nan chak lekòl. Ou ta dwe gen lis sa a konplè e pare pou w sèvi avèk li, ideyalman nan fen twazyèm ane lekòl segondè ou.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m konprann opsyon kolèj yo e fason pou m kòmanse fè rechèch.
2. Mwen gen yon bon ide sou kolèj mwen vle aplike ladan yo men mwen bezwen èd pou mwen kreye yon lis final.
3. **Mwen fini! Mwen gen lis dis kolèj pwobab yo.**

Konsèy: Pale avèk pwofesè ou oubyen konseye lekòl la sou resous ki disponib pou fè rechèch sou kolèj. Kontakte ofisyèl admisyon nan kolèj, fè rechèch sou sit Entènèt invèsite yo, e si posib, vizite kanpous kolèj yo.

4 KREYE ESTRATEJI FINANSYE OU



Ou gen pou peye pou kolèj, men anvan ou enkyete w konsènan aplikasyon pou èd finansye ak bousdetid, travay avèk fanmi w pou kreye yon bidjè ak yon plan ekonomi pou ou konnen nan ki nivo yo ka ede w. Bi ou se genyen yon estrateji byen devlope pou peye kolèj, ideyalman nan dezyèm ane lekòl Segondè ou, oubyen anvan.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m konprann konbyen kòb edikasyon kolèj koute.
2. Mwen gen yon bon ide sou konbyen lajan edikasyon kolèj koute, men mwen bezwen èd pou m prepare estrateji pou mwen peye kolèj.
3. **Mwen fini! Mwen gen yon estrateji pou m peye kolèj.**

Konsèy: Panse sou fason ou ka entegre fanmi lwen ou nan estrateji ou e konsidere travay a tan pasyèl ki ka ede w ekonomize yon lajan pou kolèj.

5 PRAN KLAS KI APWOPRIYE YO



Chèche enfòmasyon sou klas espesifik ou bezwen pran nan lekòl segondè pou w ka antre nan kolèj w ap aplike yo. Pale avèk ekip sipò w konsènan kou lekòl segondè ki ka devlope ladrès solid nan lang ak matematik ak rezonman. Bi ou se gen yon lis kou lekòl segondè pou w pran ideyalman nan kòmansman premye ane lekòl segondè ou.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m deside ki kou pou m pran.
2. Mwen gen yon ide sou kou mwen vle pran men mwen bezwen èd pou asire m mwen sou bon wout po mwen ale nan kolèj mwen chwazi a.
3. **Mwen fini! Mwen gen yon lis kou mwen bezwen pran nan lekòl segondè.**

Konsèy: Lè ou pran kou nivo onè, Plasman Avanse (AP), Doub Kredi, Bakaloreya Entènasyonal (IB), sa ka ekonomize lajan e prepare w pi byen pou eksperyans ou nan kolèj.

6 TRAVAY POU



Mwayèn jeneral (GPA) ou enpòtan. Chèche konnen GPA ou bezwen pou w ka antre nan kolèj ou vize a e kòmanse suiv nòt ou. Lè w konnen ou bezwen yon GPA ki wo, sa fè w rete konsantre. Sèvi avèk resous ki disponib sou Entènèt e fè anpil lekti!

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen pa konnen ki jan pou m kalkile GPA mwen.
2. Mwen prèske bon. Mwen bezwen èd nan ladrès pou mwen etidye, pou m amelyore GPA mwen.
3. **Mwen sou bon chemen an! M ap asire m mwen kenbe GPA m wo.**

Konsèy: Pran kèk risk e balanse chans ou pou w ka fè bon nòt nan kou nivo onè, Plasman Avanse (AP), Doub Kredi piske kou sa yo ka ede w ogmante GPA w pi vit.

7 PATISIPE



Kolèj valorize moun ki byen ekilibre, donk, asire w ou patisipe nan aktivite andeyò salklas ak aktivite kominotè. Antre nan klib, aktivite espòtif, e fè volontè. Kontribye nan òganizasyon ou antre ladan yo e pran plezi nan fè sa! Bi ou se kòmanse yon dosye aktivite w nan kòmansman premye ane lekòl segondè ou e kontinye mete li ajou chak ane. Li pa janm twò ta pou w kòmanse!

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen idantifye nan ki kalite aktivite ak òganizasyon mwen kapab patisipe.
2. Mwen konnen ki jan mwen vle patisipe, men mwen bezwen èd pou m konekte avèk yo.
3. **Mwen fini! Mwen ap patisipe nan diferan aktivite e mwen kenbe yon dosye sou fason mwen kontribye.**

Konsèy: Kolèj prefere wè efè ou fè sou aktivite andeyò salaklas yo olyede kantite aktivite ou patisipe, donk, dokimante fason ou kontribye nan aktivite sa yo.

8 PRAN EGZAMEN ADMISYON POU KOLÈJ



ACT ak SAT se egzamen anpil kolèj mande pou admisyon. Bi ou se pran egzamen an (yo) e fè voye nòt ou nan kolèj ki sou lis final ou a. Aplike bonè pandan twazyèm ak katyèm ane lekòl segondè ou pou w ka pran egzamen sa yo.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m deside ki egzamen mwen dwe pran ak resous pou m prepare pou li.
2. Mwen enskri men mwen bezwen resous pou ede m prepare pou egzamen an.
3. **Mwen fini! Mwen pran egzamen m te bezwen pran yo e mwen mande pou rezilta yo nan kolèj mwen chwazi yo.**

Konsèy: Fè pratik! Pran egzamen "ACT Explore" (Eksplòre FCAT) la nan 8yèm ak 9yèm ane eskolè. Ansuit pran egzamen PLAN oubyen PSAT nan 10yèm ane eskolè pou w ka prepare pou egzamen ACT ak SAT yo.

9 APLIKE POU KOLÈJ



Tcheke lis kolèj ou a byen, kòmanse nan etap 3 e pran yon desizyon final sou kolèj ou pral aplike ladan. Veye dat limit yo, asire w ou satisfè tout demann yo, e ekri meyè redaksyon ou janm ekri! Bi ou se aplike pou omwen senk kolèj ki antèt nan lis final ou a.

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd ak aplikasyon an nan e pou m ekri redaksyon m yo.
2. Mwen ranpli aplikasyon pou kolèj yo men mwen bezwen èd pou m ekri redaksyon yo.
3. **Mwen fini! Mwen aplike pou senk kolèj mwen chwazi yo.**

Konsèy: Fè pratik! Pran egzamen "ACT Explore" (Eksplòre FCAT) la nan 8yèm ak 9yèm ane eskolè. Ansuit pran egzamen PLAN oubyen PSAT nan 10yèm ane eskolè pou w ka prepare pou egzamen ACT ak SAT yo.

10 CHÈCHE



Chèche enfòmasyon sou klas espesifik ou bezwen pran nan lekòl segondè pou w ka antre nan kolèj w ap aplike yo. Pale avèk ekip sipò w konsènan kou lekòl segondè ki ka devlope ladrès solid nan lang ak matematik ak rezonman. Bi ou se gen yon lis kou lekòl segondè pou w pran ideyalman nan kòmansman premye ane lekòl segondè ou

SE LA MWEN YE KOUNYE A

1. Mwen bezwen èd pou m konprann kijan èd finansye fonksyone e si mwen elijib.
2. Mwen konnen kisa pou m fè pou m aplike pou èd finansye (avèk FAFSA a), men mwen pa konnen kijan pou mwen aplike pou bousdetid.
3. **Mwen fini! Mwen voye FAFSA mwen e m aplike pou bousdetid prive.**

Konsèy: Voye fòm FAFSA ou apre 1ye janvye ou nan dènye ane lekòl segondè.



Si ou bezwen plis enfòmasyon, silvouplè kontakte

Konseye CAP ou oubyen konseye eskolè ou

